# आकाशवाणी, गोरखपुर

दिनांक–03 मार्च 2026 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कहलें हवें कि भारत मजबूत अर्थव्यवस्था के साथे विश्व बदे आसा क किरण बनल हौ। प्रधानमंत्री कहले कि तेज आर्थिक विकास विकसित भारत क दृष्टिकोण के साकार करे क आधार बनि गइल हौ।

**आज जब भारत अपनी मजबूती इकोनॉमी से पूरे विश्व की उम्मीद बना हुआ है। ग्लोबल सप्लाई चौन रिशेप हो रही है। तब अर्थव्यवस्था की तेज प्रगति विकसित भारत का भी बहुत बड़ा आधार है। हमारी दिशा स्पष्ट है, हमारा संकल्प स्पष्ट है। बिल्ड मोर, प्रोड्यूस मोर, कनेक्ट मोर और एक्सपोर्ट मोर।**

बजट के बाद आयोजित वेबिनार 'आर्थिक विकास को सतत अउर सुदृढ़ बनाना' के वीडियो कॉन्फ्रेंसिंग से संबोधित करत श्री मोदी कहलें कि विश्व विश्वसनीय अउर लचीला विनिर्माण साझेदारन क खोजि में हौ। उहां के कहलीं कि भारत के लग्गे एह दिसा में खास भूमिका निभावे क मौका हौ।

**मैन्युफैक्चरिंग लॉजिस्टिक्स हमारे एम.एस.एम.ई. लघु उद्योग कुटीर उद्योग, इतना ही नहीं हमारे छोटे बड़े शहर के अर्थव्यवस्था के पिलर्स के तौर पर दिखने में तो अलग–अलग लगते हैं, लेकिन वे सभी इंटरकनेक्टेड है। जैसे मजबूत मैन्युफैक्चरिंग, नए अवसर तैयार करती है और इससे निर्यात में बढ़ोत्तरी होती है।**

प्रधानमंत्री कहलें कि भारत कई देसन के साथे मुक्त व्यापार समझौता कइले हौ अउर देस बदे आपार अवसर क दुआर खुलि गइल हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु यू–ट्यूब पर तीन करोड़ सब्सक्राइबर क बिसेस आंकड़ा पार कै लिहले हवें अउर उहां के एह प्लेटफॉर्म पर सबसे बेसी फॉलो कइल जाए वाला विश्व नेता बनि गइल हईं। प्रधानमंत्री मोदी दुइ हजार सात में यूट्यूब से जुड़ल रहलें। रैंकिंग के हिसाबि से उहां के एह श्रेणी में अउरियों लोगिन से बहुते आगे हईं।

**********

सरकार सोसल मीडिया पर वायरल हो रहल ओह वीडियो क खंडन कइले हवे जवना में दावा कइल गइल हौ कि रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह ईरान पर इस्राएल के हमला क समर्थन कइलें हवें। पत्र सूचना कार्यालय क फैक्ट चेक इकाई बतवले हौ कि ई दावा फर्जी हौ अउर वीडियो में डिजिटल छेड़छाड़ कइल गइल हौ। इकाई इहो कहले हौ कि रक्षा मंत्री अइसन कउनो बयान जारी नाही कइलें हवें। सरकार नागरिक लोगिन से अइसन वीडियो से सावधान रहे क अरज कइले हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखनाथ मंदिर में आयोजित जनता दर्शन में करीब एक सौ पचास लोगिन से मुलाकात कइलें अउर उनकर समेस्या सुनलें। मुख्यमंत्री अधिकारियन के, लोगिन के समस्या क जुरते, गुणवत्तापूर्ण अउर संतुष्टिपरक समाधान क निरदेस दिहलें।

**********

मथुरा के साथे पूरा प्रदेस में बिहने होली क तिउहार हंसी–खुसी के साथे मनावल जाई। मथुरा– वृंदावन में बिहने श्रीकृष्ण जन्मभूमि, द्वारिकाधीश मंदिर, बांकेबिहारी मंदिर, के साथे कई प्रमुख मंदिरन में होली खेलल जाई। एह बिच्चे होली तिउहार के देखि के पुलिस प्रसासन पूरा प्रदेस में सुरक्षा क खास इतिजाम कइले हौ। सज्जो भीड़–भाड़ वाली जगहिन पर खास सावधानी बरतल जा रहलि हौ। तिउहार के देखि के प्रदेस के यात्रियन क सुविधा बदे रेलवे की ओरि से कई होली बिसेस रेलगाड़ियन क संचालनों कइल जा रहल हौ।

**********

सूचना अउर प्रसारण मंत्रालय के पत्र सूचना कार्यालय क दस सदस्यन क विसेस मीडिया टीम आजु बनारस क बनारस रेल इंजन कारखाना बरेका क दौरा कइलस। कर्नाटक से आइल एह अंतरराज्यीय मीडिया दल के भ्रमण क मुख्य उद्देश्य बरेका क लोकोमोटिव निर्माण प्रक्रिया, तकनीकी उत्कृष्टता, नवाचार, गुणवत्ता मानक अउर वैश्विक निर्यात उपलब्धियन के सोझे देखे के रहल। मीडिया प्रतिनिधि लोगि बरेका क उच्च उत्पादन दक्षता, तकनीकी नवाचार, सुव्यवस्थित कार्य संस्कृति अउर वैश्विक उपलब्धियन क सराहना करत एके भारतीय रेल के औद्योगिक विकास क एगो प्रमुख स्तंभ बतवलें।

**********

प्रदेस क हाथरस जिला में आजु अनमुन्हरवें यमुना एक्सप्रेस–वे पर भइल एगो सड़कि दुरघटना में छौ जने क मउति हो गइल आ सात जने घाही हो गइलें। पुलिस अधीक्षक चिरंजीव नाथ सिन्हा बतवलें कि एक्सप्रेस–वे क माइलस्टोन एक सौ एकतालीस पर मंगर के भिन्नहिये करीब चारि बजे दिल्ली से गोरखपुर जा रहलि एगो प्राइवेट डबल डेकर बस आगे चलि रहल इको वैन कार के ठोकरिया देहलसि। कार सवार सज्जो लोगि दिल्ली से राजस्थान क राजाखेड़ा धौलपुर जात रहलें। दुर्घटना में छौ जने क मउति भइलि हौ।

**********

मौसम विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस में बिहने ले जबकि पश्चिमी उत्तर प्रदेस में पांच मार्च ले तेज सतही बयार चलले क आगम जतवले हौ। बिभाग के हिसाबि से एह समय में मौसम सुस्क रही। मौसम बिभाग क अनुमान के हिसाबि से अगिला दुई दिनन में न्यूनतम अउर अधिकतम तापमान में कउनो बड़हन बदलाव क अनेसा नइखे। एकरे बाद क तीन–चार दिनन में तापमान में दुइ से तीनि डिग्री क बढ़ोत्तरी क आगम हौ।

**********